

Demann pou Anile Peman Anplis Federal



APÈSI: Lwa CARES Act ak Lwa sou Asistans Kontinye otorize ak founi eta yo opsyon pou anile peman anplis federal yo te distribye bay reklaman yo dapre pwogram pandemi federal yo. Rekonesan anpil difikilte reklaman yo ap rankontre pandan pandemi COVID-19 la, DEO te chwazi pou ofri mwayen pou anile peman anplis federal yo pou reklaman ki kalifye e ki satisfè kritè espesifik ki endike nan lwa ak direktiv federal yo.

PWOGRAM FEDERAL POU KALIFIKASYON: Pwogram federal sa yo, kalifye pou anile peman anplis:

- Asistans Chomaj nan moman Pandemi (PUA)
- Konpansasyon Ijans pou Chomaj nan moman Pandemi (PEUC)
- Konpansasyon Federal pou Chomaj nan moman Pandemi (FPUC)
- Konpansasyon Chomaj pou Moun ki gen Salè Melanje (MEUC)
- Asistans pou Pèd Salè (LWA)
- Premye semèn Asistans Reyanplwa eta a ki ranbouse dapre Atik 2105 lwa CARES Act (Demèn Datant)

KRITÈ KALIFIKASYON: Dapre direktiv federal, pou kalifye pou anilie yon peman anplis federal, reklaman ki kalifye yo dwe satisfè kritè sa yo:

- Li pa dwe fèt reklaman an ki fè peman anplis la egziste, sa vle di se pa yo ki te lakòz oswa yo pat kontribye nan rezon ki fè peman anplis la egziste; epi
- Ranbousman peman anplis la ka kontrè ak "ekite e bon konsyans."

Pou satisfè premye kritè kalifikasyon pou anilie yon peman anplis, reklaman an ta dwe resevwa peman anplis la san se pa fèt li. Sa vle di ke si yon reklaman te founi movèz enfòmasyon oswa li pat founi enfòmasyon li te dwe founi pou l ka resevwa peman benefis yo, li pap kalifye pou anile yon peman anplis. Lòt konsiderasyon pou jwenn fèt ka enkli, men san zoubliye:

- Si peman an se te akòz yon deklarasyon enkòrèk ke reklaman an te fè, men li pa nesèsman fwod, yon deklarasyon ke li ta dwe konnen ke li pa kòrèk;
- Si peman an se te akòz reklaman an pa devwale enfòmasyon ki esansyèl ke li genyen nan posasyon l, ke li ta dwe konnen kòm enfòmasyon ki enpòtan; oswa
- Si reklaman an te aksepte yon peman ke li konnen oswa li ta dwe konnen ke se yon erè ki fè li jwenn peman an.

Obligasyon pou ranbousman yon peman anplis pral konsidere kòm "**kontrè ak ekite ak bon konsyans**" si:

- Sa ka kòze difikilte finansye pou reklaman an; oswa
- Kèlkeswa sitiasyon finansye reklaman an, li kapab montre ke dapre peman anplis la oswa avi ke yap voye yon peman benefis, reklaman:

- Renonse a yon dwa ki gen anpil valè, oswa
 - Pozisyon l chanje pou pi mal; oswa
- Ranbousman an ap konsidere san konsyans nan sikonstans yo.

REMAK: Peman anplis pou benefis Asistans Reyaplwa eta a oswa Benefis Pwolonje pa kalifye pou anilasyon peman anplis federal la. Peman anplis ki klase kòm fwod pa kalifye tou pou anilasyon. Si yon reklaman te resevwa yon peman anplis pou benefis Asistans Reyaplwa eta a, li gen dwa pou depoze yon apèl kont Avi Diskalifikasyon an.

FASON POU SOUMÈT DEMANN POU ANILE YON PEMAN ANPLIS FEDERAL: Reklaman ki kalifye pou soumèt yon fòmilè demann pou anile yon peman anplis federal pral resevwa yon avi, dapre metòd kominikasyon li te chwazi a, pou fèl konnen ke fòmilè demann pou anile peman anplis federal la disponib nan bwat resepsyon kont Asistans Reyaplwa li a ak/oswa atravè lapòs U.S.

Genyen plizyè fason pou jwenn aksè pou ranpli Fòmilè Demann pou Anile Peman Anplis la. Fason sa yo enkli:

- Aksede fòmilè a atravè paj dakèy reklaman an;
- Aksede fòmilè a atravè bwat resepsyon reklaman an; oswa
- Atravè lapòs U.S. (si metòd korespondans prefere reklaman an se lapòs U.S.).

Reklaman yo dwe ranpli yon fòmilè demann pou anile yon peman anplis pou chak Avi Diskalifikasyon ki atache avèk yon peman anplis. Reklaman yo pral resevwa yon Avi Diskalifikasyon ki atache avèk yon peman anplis pou benefis siplemantè yo ki enkli, LWA, FPUC, ak MEUC pou menm semèn kote yo te resevwa Asistans Reyaplwa eta a, Benefis Pwolonje, PUA, PEUC, Asistans pou Chomaj nan moman Dezas, Konpansasyon Akout Tèm, oswa Alokasyon pou Reyajisteman Komèsyal.

REMAK: Reklaman ki kalifye pou aplike pou anile yon peman anplis federal dwe soumèt yon fòmilè demann pou chak peman anplis federal yo resevwa. Pa egzanp, si yon reklaman te resevwa yon Avi Diskalifikasyon ak yon peman anplis pou semèn chomaj kote reklaman an te resevwa benefis PUA, reklaman an ap resevwa yon avi adisyonèl pou menm semèn chomaj yo, men avi adisyonèl la ap montre sèlman peman anplis pou FPUC ak /oswa LWA, jan sa aplikab.

ENFÒMASYON SIPLEMANTÈ: Yon fwa anlwaye DEO to fin revize fòmilè ke w te ranpli a epi yo detèmine si reklaman kalifye, yap distribye yon avi swa ki apwouve oswa refize

demann pou anile peman anplis la. Tanpri bay DEO ase tan pou trete demann ou te fè pou anile peman anplis la epi ba yo ase tan tou pou ditribye yon avi swa ki apwouve oswa ki refize demann lan dapre repons ou te bay yo. Si w gen nenpòt lòt kesyon sou fason pou ranpli demann pou anile peman anplis federal la, vizite Sant Èd Asistans Reyaplwa a nan [FloridaJobs.org/RAHelpCenter](https://www.floridajobs.org/RAHelpCenter).

Prenon ak Siyati Reklaman an : ,

Dat postal Fòmilè Ankèt la :

ID Reklaman an :

ID Reklamasyon an : 202001

Nimewo ID ki asosye ak Detèminasyon ki bay lis peman anplis federal ke yon demann pou anilasyon fèt pou li a:

Dat pòstal oswa dat distribisyon sou Detèminasyon ki bay lis peman anplis federal ke yon demann pou anilasyon fèt pou li a:

Wap gen posibilite pou w ranpli yon demann pou anile yon peman anplis federal paske Depatman an detèmine ke w genyen yon peman anplis federal ki pa gen fwod sou kont ou a. Lalwa CARES Act ak lwa sou Asistans Kontinye te otorize epi bay eta yo opsyon pou anile peman anplis federal yo te bay reklaman yo anba pwogram pandemi federal yo. Depatman an te rekonèt difikilte anpil moun nan Florid rankontre pandan moman difisil sa yo e li te chwazi pou ofri mwayen pou anile peman anplis federal yo a reklaman ki kalifye e ki satisfè kritè espesifik ki endike nan lwa federal ak konsèy yo. Enfòmasyon sa yo nesès pou detèmine kalifikasyon w pou anile peman anplis federal ki sou reklamasyon w la ki endike anwo a. Pou fè demann pou anile peman anplis federal la, ou dwe reponn kesyon sa yo epi soumèt repons ou anvan 01/19/2022. Pou yo ka konsidere w pou anilasyon peman anplis la, ou dwe voye repons nan dèle tan sa a. Yon fwa w fin soumèt repons ou yo, yo pral trete aplikasyon w lan, epi w ap resevwa yon detèminasyon ak enfòmasyon sou kalifikasyon w pou anilasyon peman anplis federal la. Tanpri bay Depatman an ase tan pou trete demann ou an.

1. Ki dat ou te premye okouran de peman anplis la oswa dèt sa a? _____

2. Eske w te depoze yon apèl devan Depatman an pou defye peman anplis la? Wi Non

3. (si wi pou kesyon 2) Si ou te depoze yon apèl kont detèminasyon ki etabli peman anplis la, èske w te resevwa yon desizyon ki soti nan men yon Abit Apèl la? Wi
 Non
 Pa aplikab paske mwen pa te depoze yon apèl.

4. Èske dat limit apèl ou a deja pase pou detèminasyon ki etabli peman anplis? Wi Non

5. Eske ou te fè okenn peman sou peman anplis la? Wi Non

6. Si wi, konbyen w te peye epi nan ki dat? _____

KESYON POU ELIMINASYON AN

1. Èske w te entansyonèlman bay fo yon enfòmasyon oswa ou pat bay kek enfòmasyon pou w ka resevwa benefis peman benefis yo? Wi Non

2. Èske ranbousman peman anplis la ap fè w anreta nan peye bòdwo w yo, èske sa ap lakòz ou eksperimante difikilte finansye, èske sa ap lakòz ou abandone yon byen ki gen anpil valè pou ou oswa eske sa ap chanje pozisyon w pou vin pi mal? Wi Non

3. Mwen rezonableman kwè ke mwen te kalifye pou m resevwa peman yo te ban mwen yo. Wi Non

Mwen sètifye ke enfòmasyon mwen founi pi wo yo se laverite epi yo kòrèk, e mwen konprann ke lalwa ap pini m si m bay fo enfòmasyon.

Si yo refize demann ou te fè pou anile peman anplis la, ou ka toujou mande yon ajisteman nan orè ranbousman an si peman anplis la ap lakòz ou eksperimante yon difikilte finansye.